azamatlarǵa násiyat etip, bir-birewge bawırmanlıqqa, tatıwlıqqa shaqıradı. "Bolmasa" qosıǵında shayır hámme nárseni aqıl menen sheshiw kerekligin bayanlaydı:

Aqılı yaxshınıń giynesi bolmas,
Yaman adam giyne tutsa umıtpas,
Atqa mingen bilán qátquda bolmas,
Yurttan asqan aqıl – huwshı bolmas [3:84].

Sonday-aq shayırdıń "Jaqsı" qosıǵında joqarı adamgershilik ideyaları, jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı mángi gúresti sheber ashıp bergen. Mısalı:

Jol bilmeseń, jol soranız bilgennen,
Gúder úzbe ıqrarında turǵannan,
Yaman menen qırıq jıl dáwran súrgennen,
Yaxshı menen bir dem sáwbetler jaqsı [3:98].

Sóz sheberiniń yumor-satiralıq qosıqlarında sol dáwirdegi adalatsızlıqlar, xan patshalardıń ápiwayı xalıqqa qılǵan zulımlıqları ashshı sarkazm menen súwretlenedi. Sonday-aq shayır "Kerákti" qosıǵında hayal-qızlardıń iybeli, ádep ikramlı bolıw kerekligin, ayırım jas kelinlerdiń turpayı háreketlerin ótkir sınǵa alıp súwretleydi. Mısalı:

Elge hárbir túrli kelinler kelár,
Búgin kelsá, tańda ańalap kúlár,
Ata-anasıǵa násiyhat berár,
Shul úyge sardarman desá kerákti [3:111].

Shayırdıń poeziyasınıń tematikası ráń-báreńligi, kórkemligi menen ayrıqshalanadı. Onıń poeziyası búgingi kúnge shekem bir qatar ilimpazlar tárepinen izertlenip kelindi. Atap aytsaq, Q.Bayniyazovtıń "Qosıqtıń kúshi", B.Qálimbetovtıń "Ájiniyazdıń lirikası", Ó.Álewovtıń "Ájiniyazdıń aǵartıwshılıq oyları", Á.Pirnazarovtıń "Мастерство Ажинияза", A.Murtazaevtıń "Shayırdıń muhabbatı", K.Mámbetovtıń "Ájiniyaz", B.Genjemuratovtıń "Ájiniyaz lirikasınıń poetikası" atamasındaǵı ilimiy miynetler hám monografiyalar baspadan shıqtı.

Prezidentimizdiń qararı menen Ájiniyaz shayırdıń 200 jıllıǵın Respublikamızda keń túrde belgilew is-ilajları islep shıǵıldı hám de bul másele jıl dawamında ámelge asırıldı. Keń kólemli konferenciyalar ótkerildi. Bunday ilimiy ortalıqlarda Ájiniyazdıń shayırdıń kórkemlik dúnyası, poeziyasınıń ózgesheligi, manawiy aǵartıwshılıq ideyaları menen suwǵarılǵan dóretpeleri ilimiy talqıǵa alındı. Álbette bunday ilimiy jantasıwlar keleshek áwladqa babamızdıń kórkem baylıǵın ele de tereńirek izertlewge jol-joybar xızmetin atqardı.

Juwmaqlap aytqanda, XIX ásir klassik shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ádebiy miyrası xalqımızdıń bay ǵáziynesi esaplanadı.

Sonday-aq shayırdıń ómiri, jasaw turmısı, sırt ellerge barıp bilim alıwı sıyaqlı máseleler ele de tereńirek izertleniwi kerek bolǵan mashqalalardıń biri sıpatında qaraladı.

**Ádebiyatlar**


1. Dáwqaraev N.Shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵı. III tom. –Nókis: "Qaraqalpaqstan", 1979.
2. Mámbetov K. Ájiniyaz (ilimiy ocherk). –Nókis: "Bilim" , 1994.
3. Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. –Nókis: "Qaraqalpaqstan", 1988.



**REZYUME.** Maqolada Ajiniyoz shoirning lirik asarlarida mavzu va gʻoyaning uygʻunligi, asarlarining badiiy dunyosi tahlil qilingan. Shoir asarlarda mavzularning rang-barangligi, mavzu tanlashdagi mahorati ochib berilgan. Shuningdek adibning asarlari haqidagi ilmiy ishlar va monografiyalarning ahamiyati, hozirgi davirda oʻrganilish jarayoni haqida fikrlar bildirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется гармония темы и идеи в лирическом творчестве поэта Ажинияза, художественный мир его произведений. В творчестве поэта раскрывается многообразие тем и его мастерство в выборе темы. Также были высказаны мнения о важности научных трудов и монографий о творчестве писателя, о процессе изучения в современный период.

**SUMMARY.**The article analyzes the harmony of themes and ideas in the lyrical work of the poet Ajinyoza, and the artistic world of his works. The poet's work reveals a variety of topics and his skill in choosing a topic. Opinions were also expressed on the importance of scientific works and monographs on the writer's work, on the process of study in the modern period.


## БУЛБИЛЗИБАН ШАЙЫР


**З.У.Бекбергенова –** *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** Ажиниёз, мумтоз адабиёт, назм, мавзу, бадиий ғоя, гуманизм.
**Ключевые слова:** Ажинияз, классическая литература, стихотворение, тема, художественная идея, гуманизм.
**Key words:** Ajiniyaz, classical literature, poem, theme, artistic idea, humanism.


Өзбекстан қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың сөзи менен айтқанда «Әжинияз қарақалпақ халқының көркем сана-сезиминде оғада терең из қалдырған шайырлардан болды... Әжинияздың ўатаншыллығы менен гуманистлиги, шайырлық мәдениятындағы оқымыслылық, оны өз заманласлары арасында өзгеше бир төбе етип көрсетип турады. «Бул дүньяның көрки адам баласы», «Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билен» деген еки жол қосығы Әжинияздың пүткил шайырлық мийрасына эпиграф болар еди» [1:6].

Ҳақыйқатында да, уллы сөз шебери баҳа бергениндей, XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятының бийик шыңы болған Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилигинде инсанның руўхый дүньясын ашыўға көбирек кеўил бөлинип, бул идея тиккелей ел-халықты, ана ўатанды перзентлик муҳаббат пенен сүйиўге, бул дүньяның көрки ҳәм саўлаты болған инсанның қәдир қымбатын улығлаўға ҳәм көклерге көтерип жырлаўға арналды. Уллы шайыр қайсы темада жазса да, мейли ана ўатан, ел-халық, социаллық ҳәм жәмийетлик машқалалар, ышқы-муҳаббат, дидактикалық, философиялық мазмундағы қосықларының ҳәр биринде де адамзатты улығлаўға бар шеберлигин жумсады, оның ишки дүньясының кеңлигин, кеўил күйин, бул дүньяда инсаннан уллы, баҳалы зат жоқ екенлигин жырлаўшы "Бул дүньяның көрки адам баласы, сол адамның көкке жетер наласы" деген интеллектуаллық қосық қатарлары да айқын тастыйықлады. Усылайынша, шайыр поэзиясында инсанды жүдә жоқары көтерип, оның кеўлине, жан дүньясына, ақыл-парасатына, пазыйлетине, кеўил сарайына шексиз муҳаббат дарытты.

Ең итибарлы тәрепи сонда, инсанға тән болған адамгершиликти, гөззаллықты, әдалатлықты ҳәм оның қәдир-қымбатын жырлаў Әжинияз поэзиясында бир төбе болып көринеди. Мысалы, шайыр «Көңлим мениң» қосығында:

Ашық-ярсыз, булбул-гүлсиз,
Кийик-шөлсиз, сона көлсиз,
Зийўар айтур, йуртсыз, елсиз,
Адам бир дийўана меңзер [1:42], – деген қатарларда барлықтың, ана тәбияттың ҳәм жанлы тиришиликтиң бир бөлегине айланған адамзаттың өмириниң мазмун-мәнисин әпиўайы сөзлер менен-ақ шырайлы тәризде жеткерип береди.

Шайырдың инсан тәғдири ҳәм оның қәдир қымбаты ҳаққындағы ой пикирлери қәлеген темадағы қосықларында өз сәўлелениўин таўып отырды. Мысалы, социаллық ҳәм жәмийетлик ой-пикирлерди

сәўлелендирген “Дәўран болмады” қосығында шайыр “Несийбем көп шашып ғайры еллерге, шөплеп болдым десем тамам болмады” деген қатарларда, ямаса “Аржағында болмағанша” қосығындағы “Кәдирин билмес туўған елдиң, Кәдирин билмес нағыз ердиң, Басына ис түспегенше”, және де “Кәдирин билмес астың, нанның, бес күн зарын шекпегенше” деген қатарларында хәр бир адамның инсан сыпатында жәмийетте тутқан орны хәм қадир қымбаты туўылған жер менен ел менен хәм сол елде табылған ҳадал ас пенен екенлиги хәм философиялық хәм дидактикалық мазмунда бериледи. Және де, шайырдың “Жақсы”, “Айрылса” қосықларындағы

“Адам улы адам кәдирин билмесе,
Оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы” [2:97],
“Елинен айрылған дийўана болур,
Ярынан айрылған бийгәна болур” [2:80],

“Ғош йигитниң дәўлети бар башында,
Хәм ағасы хәм иниси қашында”,
Хәрким өз елинде, тени тушында,
Йигит кәдири болмас елдин айрылса [2:80], хәм т.б. күнделикли турмыс шынлығынан туўылған қосық қатарлары арадан неше әсирлер өтсе де мәңги гөнермейтуғын философиялық ой пикирлерге айланып үлгерди. Шынында да, жерди елден, елди жерден айырып болмағандай, бир жәмийетте жасап, бир мақсетте өмир сүрип атырған адамлардың бири-бириниң кәдир-қымбатын билмеўи, оларды мәңгүрге, тил-зибаны, ақыл-еси жоқ әйтеўир бир жәниўарға айландырса, туўған елинен хәм ярынан айрылыў, жүда болыў қайсы адамды да болса да мүсәпирлик хәм ғәриплик халға түсиреди. Сондай-ақ, ер жигиттиң шаддықуррамлығы менен мәртлигин, дәўлети менен кеўлиниң тоқлығын туўған-туўысқансыз, аға-инисиз көз алдымызға келтириўимиз оғада қыйын. Шайыр усындай исан кеўли менен кәдир-қымбатын асыратуғын өмирлик аксиоманы поэтикалық тил менен шебер сәўлелендирип, көпшилик лирикалық қосықларында адам хәм Ўатан, Ўатан хәм инсан түсинигин қәдирлеўдиң жоқары үлгилерин көрсетип береди.

Әлбетте, Әжинияздың өзи жасаған заман деңгейинен турып-ақ айтылған усындай әжайып ой-пикирлери менен жуўмақлары бириншиден, оның басқаларға уқсамаған өзине тән өзгешеликлерин белгилеп берсе, екиншиден оның дөретпелериниң дүньядағы басқа да сөз шеберлери менен қатар туратуғынлығын көрсетеди. Буның менен ол сөзсиз Дийўанайы Мәшреп, Фурқат, Абай, Мақтымқулы, Молланапес сыяқлы Орайлық Азиядағы биразлары оған руўхый устаз болса, базылары оның менен заманлас болған уллы сөз шеберлериниң қатарынан ылайықлы орын алды.

Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилигинде “Бозатаў” поэмасы белгили орын ийеледи. Поэманың соңғы шуўмақларында шайыр:

Зийўарың хошласар кәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип,
Аман болса, хал сорасар бир келип,
Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў [2:120], – деген қосық қатарларында хәм поэманың пүтин сюжетлик мазмунында туўған жерден хәм ана Ўатаннан айра түскен ўақыттағы ғам-қайғыларын Ўатан қәдири хәм ондағы инсан қәдири менен терең ушластырады. Шайырдың басқа да лирикалық қосықларында да усындай ўатансүйиўшилик хәм инсанпәрўарлық идеялары барынша терең сәўлеленеди.

Әсиресе, шайырдың поэзиясында ҳаял-қызлар дүньяны гөззаллыққа, меҳир-мухаббатқа бөлеген хәм өз меҳри менен дүньяны тербетип, бул жәҳәнди бейиш еткен кең дүнья сыпатында сүўретленеди. Шайыр қарақалпақ қызларының жүрис-турысын, гөззаллығын жырлай отырып, олардың тек ғана сыртқы сулыўлығын тәрийплеп қоймастан, қызлардың ишки дүньясының сулыўлығына, мәдениятлы, әдеп-икрамлы, руўхый бай инсан екенлигине кеўил бөлгенлигин «Бир жанан», «Сәўдигим», «Яңлыды», «Гөззаллар», «Бозатаўлы нәзәлим», «Бир пәрий», «Дилдарым» хәм т.б. қосықларында оларды басына көтерип хүрметлейди. Мысалы: шайыр “Яңлыды” қосығында:

Отырышы –тырна, йүриши– ғаздур,
Бастан аяқ тамам ағзасы наздур,
Хош сүўрет, хош әдеп, бир алғыр баздур,
Мысалы бақышы лашын яңлыды [3:61].

Ямаса, “Бир жәнан” қосығында:
Көзимә көриниб, беглер бир жәнан,
Шийрин жаным отқа якты да кетти,
Ялғаны йоқ, бул сөзиме, сен инан,
Мың жилўа наз әйлеп, бақты да кетти [3:77], – деген қатарларында ҳаял-қызлардың сыртқы гөззаллығы менен руўхый гөззаллығының өзара үйлесимлилигин жоқары симпатия менен сәўлелендиреди. Әжинияз анасына арналған қосығында анасын Каабамсаң деп көкке көтереди, ананың перзент ушын көп азап шегетуғын сарқылмас меҳрин дүньяның тиреги деп биледи: Мысалы,

Анамсаң, Каабамсаң өзиң өсирген,
Көп азапты шул басыңнан кеширген [2:61], – деген қатарларда ананы Каабаға теңлестирип, аналарымызды бийик шыңға көтерип жырлағанлығы өзинен соңғы дәўирдеги көпшилик сөз шеберлеримиздиң дөретиўшилигине унамлы тәсир жасады десек ҳасла қәтелеспеймиз. Усы қосықлардың қатарында шайырдың өзи сүйген ярына хәм зайыбына арналған «Йоқ мениң» қосығындағы:

...Таза гүлистаным, махи әнўарым,
...Шийрин жаным болса йолында қурбан,
Сени көрсем болур мениң көңлим шад,
...Жаҳанның ғамийдин болурман азад.

Қайылман сен ушын отқа күйсем де [2:7] хәм т.б. қосық қатарларында да үйимиздиң сәни, перзентлердиң ғамхоршысы, панасы болған ҳаял-қызларымызды қәдирлеп, улығлаўдың ең жоқары үлгисине айланды.

Солай етип, Әжинияздың қосықларында адамгершиликтиң ең жоқары критериясы адамның кәдирин билиўге, туўылған жерди, дослықты, дурыс сөзлиликти хәм муҳаббатты қәстерлеўге, әсиресе, шайыр шығармаларында көзге көринип туратуғын ең тийкарғы нәрсе, адамтаныў, адамның жақсы хәм жаман тәреплерин, минез-қулық нормалары тийкарында салыстырмалы баҳалап, философиялық, дидактикалық хәм тәлим-тәрбиялық әҳмийетке ийе тужырымлы пикирлери менен көркем сәўлелендириўге бағдарланды. Демек, шайыр өзи жасаған заманның аўыр хәм қыйын деңгейинен турып-ақ, әсирлер өтсе де гөнермейтуғын хәзирги хәм келешек әўладларымыздың сана сезимине нур болып қуйылатуғын руўхый, ағартыўшылық, әдеп-икрамлылық, этикалық, эстетикалық хәм философиялық мазмундағы өлмес шығармаларын дөретти. Әлбетте, шайыр шығармаларының өлмеслигиниң мазмун-мәниси де бул дүньяның көрки болған адамды хәм оның кәдир-қымбатын жоқары қойып жырлағанында көринеди.

**Әдебиятлар**


1. Юсупов И. Дала Орфейи. // Әжинияз. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1975. 6-б.
2. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988.
3. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1994.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Ажиниёз шоир поэзиясининг ғоявий, жанрий, образлилик жиҳатдан мураккаб томонлари таҳлил қилинади. Шунингдек, миллийлик ва гендер тенглик масалалари баён қилинган шеърлари хусусида атрофлича фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются идейные, жанровые и образные аспекты поэзии поэта Ажинияза. Так же, подробно рассмотрены стихотворения, в которых описываются вопросы национальности и гендерного равенства.

**SUMMARY.** The article analyzes the ideological, genre, and figurative aspects of Ajiniyaz poet's poetry. In addition, there will be a detailed discussion about the lions in which the issues of nationality and gender equality are discussed.

# ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫҚЛАРЫНДА ЛИРИКАЛЫҚ КОНФЛИКТ ЖАРАТЫЎДА МЕТАФОРАНЫҢ ХЫЗМЕТИ

**А.Досымбетова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** лирика, шеърият, лирик қаҳрамон, лирик конфлик, контраст, метафора, лирик кечинма.
**Ключевые слова:** лирика, поэзия, лирический герой, лирический конфликт, контраст, метафора, лирическое переживание.
**Key words:** lyric, poetry, lyrical hero, lyrical conflict, contrast, metaphor, lyrical experience.

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының әдебий мийраслары тек ғана бизиң халқымыздың емес, ал түркий тиллес халықлардың руўхый мәдениятына үлкен үлес болып қосылды. Әжинияз поэзиясы қарақалпақ әдебияттаныў илиминде үйренилип келмекте. Солай болса да шайыр поэзиясында еле де изертлениўин күтип турған көркем поэтикалық қубылыслар баршылық. Солардың бири лирикалық конфликтти жаратыўда метафоралардың қолланылыўы болып табылады. Биз бул мақалада шайырдың қосықларында лирикалық конфликтти дүзиўде метафораның көркемлеў хызметин үйрениўди мақсет етип қойдық.

Шайыр қосықларындағы конфликт, сондай-ақ, улыўма лирикалық конфликт мәселесиниң жетерли илимий изертленилмегенлиги бизиң таңлаған темамыздың актуаллығын сыпатлайды. Әжинияз шығармалары туўралы монографиялық мийнетлерде ҳәм өз алдына илимий мақалаларда теориялық пикирлер билдирилген ҳәм олардың бәринде шайырдың қарақалпақ поэзиясындағы орны ҳәр тәреплеме үйрениледи. (Шайыр шығармаларының изертлениў мәселеси көрсетилген библиографиялық көрсеткиште келтирилген) [5].

Лирикада шайырдың әтираптағы қубылысларға, бизди қоршаған шынлықтың жумбақлы сырларына баҳасы, көзқараслары, сыртқы дүньяның унамлы яки унамсыз тәсиринен ишки дүньясында жүзеге келген ой-кеширмелери лирикалық қаҳарман образы арқалы сәўлеленеди. Гейде лирикалық қаҳарман тәбияттағы ҳәм адамлар арасындағы гөззал қубылысларды сәўлелендирип, өмир ҳәм тәбият ҳәдийселерине сүйсиниў, ләззетлениў, рәҳәтлениў сезимлерин пайда етсе, гейде лирикалық қаҳарман әтирапта, жәмийетте жүз берип атырған ўақыялардың өзиниң қәлеўине, улыўма адамзаттың идеалына қайшы келиўинен гүйзелиске түсиўи мүмкин. Бундай жағдайда лирикалық қаҳарман менен орталық арасында қарама-қарсылық жүзеге келип, ол лирикалық конфликтти пайда етеди. «Лирикалық шығармаларда да конфликт бар. Бирақ ол эпикалық ҳәм драмалық шығармалардағыдай ўақыяның избе-из, басқышпа-басқыш раўажланыўы арқалы, яғный сюжеттиң раўажланыўы арқалы көринбейди, ал көбинесе, лирикалық қаҳарман менен сыртқы орталық, сыртқы дүнья арасындағы қарама-қарсылықлар арқалы көринеди» [3:26].

Әжинияз шығармаларында да лирикалық қаҳарманның жәмийетлик сиясий турмысқа, қоршаған орталыққа, дәўирге болған көзқарасларын сәўлелендириўде лирикалық конфликттен пайдаланатуғыны көзге тасланады. Себеби XIX әсирдеги Хорезм ойпатындағы феодаллық қатнаслар шараятында жасаған дәўирдеги халқымыздың социаллық, сиясий-экономикалық шараятлары өз заманының озық ойлы, жоқары билимли шайыры болған Әжинияздың көзқарасларына оншелли үйлесе бермеўи тәбийий жағдай еди. Әжинияз өзиниң айырым қосықларында өз заманына болған көзқарасларын, ой-толғанысларын бериўде лирикалық конфликтти жүзеге келтиреди. Шайырдың «Көңлим мениң», «Йоқты», «Дәўран болмады», «Сел болады», «Майдан ишинде» ҳәм басқа қосықларында көркем мазмунды, лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелерин лирикалық конфликт арқалы сәўлелендиргенин гүзетемиз. Бунда шайыр лирикалық конфликтти бериўде метафоралардан утымлы пайдаланған.

Шайырдың «Көңлим мениң» қосығында лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелери, руўхый дүньясы қубылыслары тийкарында көркем мазмун сәўлеленген.

Өмиримниң қасри йықылған,
Ығбал кәсасы төкилген,
Хатсыз, қәлемсиз шекилген,
Бир әжеп дийўана мегзер.
Дәртимниң жоқ ҳеш даўасы,
Бузылды көнлим Хийўасы,
Үмидиўар инсан дүньясы,
Шәўкетсиз дәўрана мегзер [1:14].

Лирикалық қаҳарманның кеўил кеширмелерин бериўде «йықылған қаср», «төгилген ығбал кәсасы», «хатсыз, қәлемсиз шекилген дийўан», «көңлим Хийўасы» сыяқлы метафоралар қолланылған. Бул метафоралар лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелер ҳалатын көркем сәўлелендириў ушын хызмет етип келген. Усы метафоралардың жәрдеминде шайыр лирикалық қаҳарманның өз заманына болған қандай да бир нарийзалық кейпиятын, оның ишки қәлеўи менен сыртқы орталықтағы қубылыслардың қайшы келиўин көркем сәўлелендиреди. Әсиресе, лирикалық қаҳарманның «көңил Хийўасының бузылыўы» өз көзқарасларын көркемлеп жеткериўде айрықша хызмет атқарып келген. Бул лирикалық қаҳарманның қәлбиндеги әмелге аспаған жақсы нийетлердиң, уллы мақсетлердиң көркем сәўлеси болып есапланады. Хийўаның өз дәўириндеги сулыў, бийик-бийик мақбаралары бар, даңқлы қала болғанлығын есапқа алсақ, лирикалық қаҳарман қәлбиндеги сулыў ҳәм бийик ой-сезимлериниң, шайырлық илҳам-йоштың өзи қәлегениндей болып хызмет ететуғын ҳәм қабылланатуғын жәмийетлик орталық, эстетикалық шараяттың болмағанынан гүйзелиске түсиўи болса керек. Шайыр метафораның жәрдеминде лирикалық конфликтти оғада нәзиклик пенен, көркемлик пенен тереңлестиреди, лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатын терең ашыўға ериседи.

Шайырдың «Дәўран болмады» қосығында лирикалық конфликт инсан менен жәмийет, яғный лирикалық қаҳарман менен ол жасап атырған орталық арасындағы қарама-қарсылық тийкарында жаратылған. Шайырдың лирикалық қаҳарманы сыртқы орталық, әтираптағы қубылыслар менен қарама-қарсылыққа түседи. Усы қосықтағы лирикалық конфликт ҳаққында теориялық мийнетлерде төмендегидей пикирлер келтирилген: «Әжинияздың «Дәўран болмады» қосығында лирикалық қаҳарман өзиниң тәғдирине налыш етеди. Ол өзин тилла сазға мегзетеди, бирақ оны шертетуғын маман болмайды, өзин алғыр қусқа мегзетеди, бирақ оны